**दिन–शनिवार** **दिनांक–15.02.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

केन्द्रीय कौशल विकास आ उद्यमिता राज्य मंत्री जयंत चौधरी कहलनि जे पटना मे स्किल इंडिया इंटरनेशनल सेंटरक स्थापना कयल जायत। आइ पटना मे संवाददाता सभ सँ गपशप मे श्री चौधरी कहलनि जे आईटीआई अपग्रेड योजना के पूरा देश मे लागू कयल जायत आ एहि मे बिहारक पैघ भूमिका होयत। केन्द्रीय मंत्री आईआईटी पटना के एगारहम दीक्षांत समारोह मे भाग लेलनि।

---

परीक्षा पे चर्चा दू हजार पच्चीसक पाँचम कड़ी मे विद्यार्थी सभ के मस्तिष्कक चमत्कारक संबंध मे जनाओल गेल अछि। प्रसिद्ध आध्यात्मिक नेता सद्गुरु जग्गी वासुदेव सीखबा कैँ मनोरंजक बनायब आ संतुलित जीवंत मस्तिष्क विकसित करबाक संबंध मे अंतर्दृष्टि साझा कयलनि। सद्गुरु परीक्षा मे ध्यान बढ़ायब आ उत्कृष्टता प्राप्त करबाक लेल मजगूत सचेतनता तकनीक के सेहो जनतब देलनि। ओ जनौलनि जे शिक्षा मात्र परीक्षाक संबंध मे नहि अछि अपितु सद्गुरु विद्यार्थी सभ सँ अपन बुद्धि कैँ गतिशील रखबाक लेल कहलनि।

---

मुख्यमंत्री नीतीश बुमार बक्सर मे संगीत विश्वविद्यालयक स्थापानाक घोषणा कएलनि अछि। एहि कैँ नामकरण भारतरत्न उस्ताद बिस्मिला खाँ कैँ नाम पर कएल जाएत। आइ बक्सर मे अपन प्रगति यात्राक दरमियान मुख्यमंत्री बक्सर आईटीआई मैदान मे स्पोर्ट्स काम्प्लेक्सक निर्माण सहित कतेको आन घोषणा कएलनि। एहि सँ पूर्व श्री कुमार बक्सर मे चारि सय छिहत्तरि करोड़ टाका सँ बेसी कैँ लागतिवला विभिन्न परियोजना सभक उद्घाटन आ शिलान्यास कयलनि।

———————————————————————————

समस्तीपुर जिलाक पूसा स्थित डॉक्टर राजेन्द्र प्रसाद केन्द्रीय कृषि विश्वविद्यालय परिसर मे आइ सँ तीन दिवसीय किसान मेला प्रारंभ भेल। मेलाक उद्घाटन सूचना आ जनसंपर्क मंत्री महेश्वर हजारी कयलनि। ओ जनौलनि जे एनडीए सरकार किसान लोकनिक आर्थिक विकासक लेल कृत संकल्पित अछि। विश्व विद्यालयक कुलपति डॉक्टर पी.एस पांडेय जनौलनि जे एहि बेरक किसान मेलाक थीम– **"जलवायु अनुकूल कृषि से विकसित भारत की ओर"** राखल गेल अछि।

———————————————————————————

केन्द्रीय माध्यमिक शिक्षा बोर्डक दसवींक आ बारहवींक परीक्षा आइ सँ प्रारंभ भऽ गेल। परीक्षा मे पटना जोन सँ लगभग दू लाख परीक्षार्थी सम्मिलित भऽ रहलाह अछि। परीक्षाक लेल राज्यभरि मे दू सय सँ बेसी केन्द्र बनाओल गेल अछि।

———————————————————————————

पटनाक खगौल स्थित डी.ए.वी पब्लिक स्कूल मे प्रतिभा सम्मान समारोहक आयोजन कयल गेल। विधान परिषदक सभापति अवधेश नारायण सिंह एहि अवसर पर दसवीं आ बारहवींक परीक्षा मे नब्बे प्रतिशत सँ अधिक अंक प्राप्त करयवला सय सँ बेसी छात्र–छात्रा सभ के सम्मानित कयलनि। ओ छात्र–छात्रा सभ के उत्तम भविष्यक शुभकामना दैत जीवनक सभ क्षेत्र मे आगां बढ़बाक लेल प्रोत्साहित कयलनि। एहि अवसर पर विद्यालयक प्राचार्य एस. के झा आ कतेको गणमान्य लोकनि उपस्थित छलाह।

———————————————————————————

मौसक विभाग जनौलक जे काल्हि सँ राज्यक न्यूनतम तापमान मे क्रमिक रूपें वृद्धि होयत, जाहि सँ ठंढा मे कमी आओत। विभाग जनौलक जे अगिला तीन सँ चारि दिन मे अधिकतम तापमान तीन सँ चारि डिग्री सेल्सियस धरि बढ़त। एम्हर, पछिला चौबीस घंटाक दरमियान सात दशमलव सात डिग्री न्यूनतम तापमानक संग समस्तीपुर जिलाक पूसा राज्यक सभ सँ ठंढ़ा स्थान रहल।

———————————————————————————

मुंगेरक तारापुर मे शहीद भेल चौंतीस क्रांतिकारीक शहादत दिवस आइ राजकीय समारोहक रूप मे मनाओल गेल। एहि अवसर पर उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी शहीद सभ के श्रद्धांजलि दैत एक सय फीट ऊंच तिरंगा फहरौलनि। ई बिहारक सभ सँ ऊंच तिरंगा अछि।

———————————————————————————

खगड़िया जिलाक चौथम थाना पुलिस आ पटना एसटीएफक टीम विभिन्न मामिला मे फरार चलि रहल पचास हजार टाकाक ईनामी अपराधी मुनेश्वर तांती के पटनाक मोकामा थाना क्षेत्र सँ गिरफ्तार कयलक अछि।

———————————————————————————

अररियाक उत्पाद अदालत शराब तस्करीक मामिला मे दोषी सुनील कुमार के आठ साल सश्रम कठोर कारावासक सजाए सुनौलक अछि। संगहि, अर्थदंडक रूप मे एक लाख टाकाक जुर्माना सेहो लगौलक अछि।

———————————————————————————

समाप्त